

KISA EDIKASYON ESPESYAL YE?

Lè yon timoun resevwa edikasyon espesyal, sa vle di yon lekòl piblik bay sèvis ak enstriksyon pèsonealize ki adapte ak bezwen elèv sa a. Edikasyon espesyal disponib gras ak yon lwa federal yo rele Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape (IDEA), ki bay elèv ki andikape yo ak paran yo dwa legal espesyal pou resevwa opòtinite aprantisaj endividyèl sa yo.

Edikasyon espesyal se yon sèvis, se pa yon kote.



Kijan sèvis edikasyon espesyal yo ka ede pitit ou a?

- ▶ Si pitit ou a kalifye pou sèvis edikasyon espesyal, li ap gen aksè ak sèvis ak sipò ki fèt espesyalman pou li pou satisfè bezwen inik pitit ou a.
- ▶ Sèvis edikasyon espesyal yo bay pwogram endividyèl san ou pa peye epi yo ka gen ladan pwofesè edikasyon espesyal ak founisè sèvis tankou egoterapet, fizyoterapet, òtofonis, ak founisè kou pou disleksyèl.

PWOSESIS EDIKASYON ESPESYAL:

Paran yo gen dwa mande yon evalyasyon edikasyon espesyal nenpòt lè. Lekòl yo oblije refere yon elèv pou yon evalyasyon lè yo sispèk yon andikap ki ta ka mande sèvis edikasyon espesyal. Li enpòtan pou konprann etap **pwosesis edikasyon espesyal la**.

Etap pou kòmanse edikasyon espesyal:



Resevwa Sèvis Edikasyon Espesyal:



Aplike IEP a



spedtex.org

1-855-773-3839

SPEDTEX
Special Education Information Center

Èd pou paran yo sou Edikasyon Espesyal



Gid pou Paran yo sou Pwosesis ARD a
bit.ly/Paran ARD



Mesaj sou Garanti Pwosedi yo
bit.ly/ParentsNPS

Menm si gen lòt lwa federal ki ofri kèk pwoteksyon tou pou elèv ki andikape - tankou Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon 1973 la - IDEA gen dwa espesifik ki disponib sèlman anba lwa sa a. Dokiman sa a rezime dwa sa yo.

1

REFERANS YO FÈ EVALYASYON POU EDIKASYON ESPESYAL.



Yon referans se:

- ▶ Lalwa egzije sa lè yon lekòl piblik santi pitit ou a ka gen yon andikap ki mande sèvis edikasyon espesyal pou l reyisi.
- ▶ Yo rele sa yon *demann* pou yon evalyasyon edikasyon espesyal lè yon paran fè li. Ou dwe fè yon demann alekri bay manm pèsònèl ki apwopriye a. Lekòl la ap reponn ak enfòmasyon sou si yap kontinye ak yon evalyasyon.

Lekòl la dwe reponn alekri nan espas 15 jou ki gen lekòl.



2

Y AP MANDE W SI OU BAY KONSANTMAN OU POU LEKÒL LA EVALYE PITIT OU A.



Konsantman pou evalye a se:

- ▶ Pèmasyon ou chwazi bay pou pèsònèl ki resevwa fòmasyon espesyal pou evalye pitit ou a nan domèn espesifik.
- ▶ Lekòl la sèvi ak sa pou kòmanse delè kote yo dwe fini evalyasyon pitit ou a.

Sof nan kèk eksepsyon, yon evalyasyon dwe fini nan espas 45 jou ki gen lekòl.



3

EVALYASYON SE YON GWOUPE PWOFEYONÈL KI GEN FÒMASYON KI FÈ SA.



Yon evalyasyon se:

- ▶ Yo rele sa yon *Evalyasyon Endividyèl ak Premye Evalyasyon Konplè* (FIIE), ki gen ladan yon rapò ekri sou rekòmandasyon edikasyon ak enfòmasyon sou fòs, enterè ak pwoblèm pitit ou a. Pwofesyonèl ki gen fòmasyon nan andikap dwe patisipe, pa egzanp, yon moun tankou yon terapeit dislekski ki gen lisans si yo sispèk dislekski.
- ▶ Fèt san ou pa peye okenn frè. Si ou pa dakò ak evalyasyon lekòl la, ou ka mande yon *Evalyasyon Edikatif Endepandan* (IEE). Se yon moun ki pa anplwaye lekòl la ki ap fè sa.



4

KOMITE ADMISYON, REVIZYON AK RANVWA (ARD) REYINI POU DETÈMINESI PITIT OU A KALIFYE POU SÈVIS EDIKASYON ESPESYAL

Komite ARD a se:

- ▶ Yon ekip, ki gen ladan l ou menm, pwofesè yo, administratè lekòl la, moun ki gen ekspètiz espesyal sou pitit ou a, ak pwofesyonèl ki gen fòmasyon espesyal sou andikap.
- ▶ Nan reyinyon sa a, n ap diskite sou rapò evalyasyon pitit ou a, idantifye pwen fò ak bezwen pitit ou a, epi aprè sa, n ap gade si pitit ou a gen yon andikap epi si li bezwen sèvis edikasyon espesyal.



Lè evalyasyon an fini, yon komite ARD jeneralman gen 30 jou sivil pou detèmine kalifikasyon epi devlope IEP a. Lekòl la ap bay rapò evalyasyon an pi vit posib men pa pi ta pase senk jou lekòl anvan reyinyon komite ARD a.



5

SI PITIT OU A KALIFYE POU SÈVIS EDIKASYON ESPESYAL, KOMITE ARD A AP DEVOLE YON PWOGRAM EDIKASYON PÈSONALIZE (IEP).



Yon IEP se:

- ▶ Yon koleksyon enfòmasyon ki idantifye andikap pitit ou a, ki montre fòs aktyèl pitit ou a ak domèn bezwen li yo, ki idantifye objektif li dwe travay sou yo, epi ki montre edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa ki nesèsè pou pitit ou a reyisi.
- ▶ Yon dokiman yon lekòl dwe suiv lè pwosesis pou devlope li a fini, epi ou bay konsantman ou pou pitit ou a resevwa sèvis yo. Sèvis yo ap kòmanse pi vit posib.

Ou gen dwa patisipe nan devlopman IEP a epi dakò oswa pa dakò pou pitit ou a resevwa sèvis edikasyon espesyal.



POU KONTINYE: RESEVWA SÈVIS EDIKASYON ESPESYAL

Lè yo fin devlope yon IEP, se responsablite lekòl la pou mete l ann aplikasyon. Lekòl yo dwe ofri sèvis, aranjman, ak sipò ki dekri nan IEP a, epi anplwaye lekòl la ap kontwòle pwogrès pitit ou a nan objektif ki nan IEP a.

- ▶ W ap resevwa rapò pwogrès sou objektif IEP pitit ou a omwen yon fwa pandan chak peryòd evalyasyon.
- ▶ Komite ARD a ap reyini epi revize IEP pitit ou a omwen yon fwa chak ane.
- ▶ Antanke manm komite ARD a, ou pral diskite sou nesèsite pou yo mete evalyasyon an ajou omwen chak twa lane.
- ▶ Ou ka mande yon reyinyon komite ARD nenpòt lè.
- ▶ Ou ka retire konsantman ou pou sèvis edikasyon espesyal yo. Sa vle di, ou ka di lekòl la alekri ou vle pou sèvis edikasyon espesyal pitit ou a sispann.
- ▶ Gen règ espesyal an plas pou disiplin lekòl la. Si yo jwenn andikap pitit ou a se rezon ki fè move konpòtman an te rive, komite ARD a ka, nan kèk sitiyasyon, chanje sanksyon disiplinè a.



SI GEN DEZAKÒ:

Pandan chak reyinyon komite ARD a, w ap yon patisipan aktif, k ap diskite sou bezwen espesifik pitit ou a ak anplwaye lekòl la pandan n ap chèche rive jwenn yon akò sou pi bon direksyon pou suiv. Men, kèk, ou ka pa dakò ak desizyon lekòl la pran. Anba lwa federal IDEA a, ou gen dwa fòmèl pou pa dakò ak desizyon lekòl la pran sou edikasyon espesyal, ni nan *etap pou kòmanse edikasyon espesyal la* ni pandan *w ap resevwa sèvis edikasyon espesyal yo*. Opsyon pou rezoud diskisyon yo gen ladan yo depoze plent devan eta, mande medyasyon, epi mande yon odyans pou yon pwosesis legal. Fasilite eta yo disponib tou pou ede komite ARD yo rive jwenn yon akò sou IEP yo.

KISA KI GENYEN NAN YON IEP?:

IEP a dwe adrese kèk aspè pou pitit ou a, tankou:

PLAAFP

- » *Nivo aktyèl siksè akademik ak pèfòmans fonksyonèl* (**PLAAFP**): Komite ARD a ekri konpetans, kapasite ak difikilte pitit ou a dapre rapò evalyasyon an ak lòt done yo.

Objektif

- » **Objektif** anyèl **mezirab**: Objektif yo devlope pou santre sou bezwen espesifik pitit ou a epi pou dekri ki lè yo atann pitit ou a ap fè pwogrè.
 - Pa egzanp, si pitit ou a gen disleksi, yon objektif ta ka konsantre sou amelyorasyon nan yon domèn espesifik nan devlopman lekti oswa konpetans lekti pandan kèk tan.

Enstriksyon ak Sèvis

- » Yon deskripsyon **enstriksyon espesyal, sèvis ki gen rapò, ak èd ak sèvis siplemantè** ap bay. Enstriksyon ak sèvis yo ap varye selon bezwen espesifik pitit ou a. Pa egzanp, si yo idantifye pitit ou a gen disleksi:
 - Enstriksyon espesyal la gen anpil chans pou gen ladan l yon lè regilye pou enstriksyon pa yon founisè ki byen antrene k ap itilize yon pwogram ki te pwouve li ede elèv ki gen disleksi epi an akò ak [Manyèl pou Disleksi a](#);
 - Sèvis ki gen rapò ak sa yo ka gen ladan sipò pou amelyore konpetans motrisite pitit ou a nan men yon ègoterapet si li gen pwoblèm tou ak ekriti alamen; epi
 - Èd ak sèvis siplemantè yo ta ka gen ladan yo dokimante bezwen pitit ou a pou opsyon pawòl an tèks pou devwa ekri.

Evalyasyon

- » Enfòmasyon sou kijan pitit ou a pral patisipe nan **evalyasyon** nan tout eta a ak nan tout distri a, ki gen ladan si wi ou non aranjman tankou tan siplemantè nesesè.

Tranzisyon

- » **Tranzisyon** sèvis: Lè pitit ou a gen 14 an, IEP a dwe kòmanse dokimante plan pou pitit ou a aprè lekòl segondè ak kijan sèvis edikasyon espesyal pitit ou a pral ajiste pou travay sou plan sa yo.

Plasman

- » IEP a pran nòt sou **plasman** edikatif pitit ou a. Desizyon plasman yo gide pa yon egzijans pou bay edikasyon nan anviwònman ki gen mwens restriksyon (LRE). Objektif LRE a se pou fè pitit ou a patisipe nan klas ak anviwònman ansanm ak timoun ki pa gen andikap yo nan nivo sa apwopriye, selon bezwen spesifik pitit ou a.



Fòmilè sa a se yon rezime dwa yo dwe bay paran yo aprè yo fin bay yon referans. Siyati ou sèvi sèlman kòm yon konfimasyon ou te resevwa fòmilè a. Pou plis enfòmasyon sou dwa ou yo, konsilte [Avi sou Pwoteksyon Pwosedi yo](#) ak [Gid paran pou pwosesis ARD a](#).

Non elèv la:

Nimewo idantifikasyon Elèv la:

Non paran an

Siyati paran an

Dat